àjjana moo gën a jege ku ne ci yeen ay waroy dàllam, sawara it naka noonu

Jële nañu ci Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- mu wax ne: «àjjana moo gën a jege ku ne ci yeen ay waroy dàllam, sawara it naka noonu».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi day xamle ne àjjana ak sawara dañoo jege nit ki kem ni ko ay waroy dàllam jegee te mooy liy nekk ci kaw ndëggu yi, ndaxte moom man naa def ab topp Yàlla ngir ngërëmam loolu dugal ko àjjana, walla ab moy Yàlla loolu nekk sabab ci duggam sawara.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3581